



# COVID-19 Kèk Verite Rapid sou Vaksen yo



## Ann al pran vaksen!

Vaksen COVID-19 la san danje, li bon epi li ap pwoteje oumenm, fanmi w, zanmi w ak lòt yo pou yo pa trape COVID-19 la. Vaksen sa yo te teste ak anpil swen. Vaksen an se yon lòt mwayen pou lite kont pandemi an.

## Efè segondè vaksen COVID-19 ki pi komen yo

- doulè nan ponyèt**
- tèt fè mal**
- fyèv**
- fatig**
- frison, tranbleman**
- doulè nan misk**
- anvi vomi**

### BAGAY KI ENPÒTAN POU KONNEN!

- Vaksen COVID-19 la **GRATIS** pou tout moun
- Ou kapab vaksinen menm si w pa asire oswa menm si w pa gen papye
- Yo **PA P** mande w prèw sou estati w antanke imigran
- Ou ka itilize konje maladi NJ ou genyen an pou pran vaksen COVID-19 ou an



### E pou enfòmasyon pèsònèl mwen yo?

Yo pral poze w kesyon sou

- ki kalite travay ou fè
- kote w rete
- sante w
- ras / orijin etnik
- dat nesans, ak
- sèks

Eta a pa p pataje non w ak adrès ou. Lè w pran vaksen an sa **PA** gen onkenn enpak sou Règ Chaj Piblik la.

## Anpeche COVID-19 la

Li enpòtan pou w kontinye abitud sante yo rekòmande yo pou w anpeche pwopagasyon COVID-19 la menm apre w fin vaksinen. Konbinezon vaksen sa ak aksyon ki anba yo ap ofri meyè pwoteksyon posib kont COVID-19 la.



### lave men w

Lave yo souvan ak dlo ak savon




### rete lakay ou

Si w vin malad, rete lakay ou 24 è apre lafyèv ou a pase, men pa mwens pase 10 jou apati jou ou tonbe malad la.



### pa touche vizaj ou

Touche je w, nen w ak bouch ou se mwayen ki pi fasil pou jèm yo antre nan kò w.




### rete a 6 pye lwen lòt moun

Kenbe yon distans ant moun yo, sa rann li pi difisil pou jèm yo simaye.




### toujou gen yon sanitayzè avè w

Itilize sanitayzè ki gen pou pi piti 60% alkòl, itilize l souvan epi di timoun yo ak moun ki nan antouraj ou pou yo fè menm jan an.




### mete yon mas

Yon mas an tisi oswa yon mas jetab anpeche jèm lan pwopaje sot nan yon moun al nan yon lòt.



### evite moun ki malad

Sa ap ede w pou w pa espoze ak jèm ki soti nan lòt moun. COVID-19 pwopaje pi fasil lè moun yo gen sentom.



### manje byen epi fè egzèsis

Manje manje ki sen epi fè egzèsis pou ede sistèm iminitè w epi pèmèt ou refè byen rapid anba maladi a.

Rele 1-855-568-0545 pou w pran yon randevou.

Pou w konnen kòman ak ki kote pou w pran vaksen vizite [www.covid19.nj.gov](http://www.covid19.nj.gov)